

Pwojè Amelyorasyon Sekirite Broadway

Liy Bisiklèt Separe ak Lòt Amelyorasyon Sekirite soti nan Quincy St. rive nan Portland St.

Chanjman Plan Lari yo

Vil Cambridge pral ajoute liy bisiklèt separe epi fè amelyorasyon sekirite ki nesèsè sou Broadway. Nou pral:

Enstale liy bisiklèt separe:

Sa a refere a liy bisiklèt sou twotwa a, ki separe ak machin pa poto fleksib blan oswa lòt baryè fizik.

Ajoute ralantisman trafik:

Chanjman pou moun k ap mache ak pran bis la: Lokal estasyon otobis yo ka chanje, epi amelyorasyon sekirite pyeton yo pral amelyore pasaj pou pyeton yo.

Diminye pakin:

Pwojè sa a pral diminye pakin nan lari a. Nou potko fini konsepsyon, men nou espere kenbe apeprè 40% nan espas aktyèl ak pakin sou yon bò nan lari a.



Jwenn dènye enfòmasyon yo sou sit entènèt pwojè a



Enskri pou resevwa mizajou sou imel yo

Evènman Kominotè K ap Vini yo

Vin aprann sou pwojè a epi bay fidbak ou. Nou pral pataje plan preliminè yo, diskite sou kalandriye pwojè a ak avantaj epi enpak pwojè a.

Madi 28 Janvye 2025

6 p.m. - 8 p.m.

Reyinyon Kominotè Vityèl
Zoom

Madi 4 Fevriye 2025

4 pm - 6 pm

Joune Pòt Ouvè an Pèsòn #1
Akademi Fletcher-Maynard
225 Windsor St.

Jedi 6 Fevriye 2025

6 p.m. - 8 p.m.

Joune Pòt Ouvè an Pèsòn #2
Anèks City Hall, Dezyèm Etaj
344 Broadway

Pwojè Amelyorasyon Sekirite Broadway

Vil Cambridge planifye pou ajoute liy bisiklèt separe epi fè amelyorasyon sekirite ki nesèsè sou Broadway. Ki sa nou konnen sou pwojè a jiskaprezan?

Kisa ki Pral Chanje?



Amelyore sekirite pou tout itilizatè yo, liy bisiklèt separe, ak pakin redwi sou koridò a

Plan Lari ki Pwopoze

Avèk pakin nan yon sèl bò lari ak liy bisiklèt sans inik sou chak bò.

Kat Jewografik Zòn Pwojè a

Zòn pwojè a sitye ant Quincy St rive Portland St sou Broadway.



Redwi Pakin nan Lari

Pwojè sa a pral redwi pakin nan lari a. Nou poko fini konsepsyon, men nou espere kenbe anviwon 40% nan espas aktyèl yo.

Liy Bisiklèt Separe yo

Nou pral deplase liy bisiklèt yo kont twotwa a epi separe yo ak machin k ap deplase ak poto fleksib blan yo.